**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 1**
**(278)**

**Нукус -2025**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТҮР ҚОСЫҒЫ – СЫҢСЫЎ

**Палымбетов К.С.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Шаңарақлық неке тойының бири бой жеткен қызды өз теңине узатып салыў мақсетинде узатыў тойы өткериледи. Усы узатыў тойында айтылатуғын халық дәстүр фольклорының үлгилери бар. Оларды профессор Қ.Айымбетов бир неше түрлерге бөлип, соның ишинен муң-шер жырларын бөлип алып, оған жоқлаў, хошласыў, еситтириў, кеўил айтыў, сәлемлерди киргизеди ҳәм усы муң-шер қосықларының қатарына сыңсыў қосықларын да жатқарады [1. 13,19].

Бурынғы ўақытлары қарақалпақ халқының дәстүринде узатылып кетейин деп атырған қыз, узатылардан алдын хошласыў қосығын айтқан. Бул көпшилик түркий халықлардың дәстүринде бар. Усы дәстүр ҳаққында Н.Дәўқараев мынадай мағлыўматты келтиреди: «Қарақалпақ дәстүринде қыз бала ержеткен соң, узатардан бир қанша ўақыт бурын жеңгеси, қурдаслары менен бирге тамыр танысларына, ағайин туўғанларына қыдырады. Буны қарақалпақларда танысыў дейди. Булай деўдиң себеби, қыз жас ўақларында ағайин туўғанларының бир қатарын көрмеген болады, көрсе де балалықтан жақсы билмеген болыўы мүмкин, сонлықтан енди ер жетип, жат елге кетерде ағайинлерин танып билип кетсин деп қыдыртады. Мине, усы қыдырыў ўақларында қызлар туўып өскен жери, қурбы-қурдаслары менен хошласып қосық айтады. Бунындай қосықларды да хошласыў дейди. Бундай жағдайда айтылатуғын қосықтың мазмуны жағдайға қарап ҳәр түрли болады [2.148-149], – деп жазады. Демек, көринип турғанындай, бул дәстүр «хошласыў», «қыздың хошласыўы», «танысыў», «қыздың жылаўы», «қыздың көрисиўи», «сыңсыў» деп т.б. түрде орынланған. Буны «Босағаға айтылған табалдырық жыры» деп те атаған. Қазақ илимпазы Б.Уахатов: «Сыңсыў»ға былайынша түсиник береди: «…узатылатуғын қыздың туўылып-өскен жери менен, аўыл-аймақ, ағайын туўысқанлары менен, ата-ана, апа-жеңгелери менен, қала берди қурбы-қурдаслары менен хошласып, танысыўы» [3.193], – дейди. Қыздың хошласыў дәстүри бирнеше күнге созылған, ағайынлери, туўысқанлары қызды ҳүрмет пенен күтип алып, ас берип, сыйлап ҳәр түрли саўға-сыйларын берген. Саўғаларын қыздың жасаўларына (жүгине) қосқан. Қоңсылас қазақ халқындағы бул дәстүр, жоқарыда айтып өткенимиздей, қарақалпақ халқында да болған, сонлықтан да, фольклоршы М.Низаматдинов халық арасынан жыйнаған материалларына тийкарланып былай деп жазады: «…узатылатуғын қызлардың «танысыўы» қарақалпақ халқында бурыннан киятырған белгили дәстүр. Бунда қыз еки-үш ай бурын ата-анасының ең жақын туўысқан-туўғанларының үйлерине «танысыў» ушын жеңгеси ямаса жақын апалары менен барады. Жеңгеси ол үйлерге еки-үш айдан кейин қыздың турмысқа шығатуғынлығын хабарлайды. Буны еситкен үйлердиң барлығы қызға «танысыў» сарпайын береди. Мәселен, қызға берилетуғын сарпайлардың түрлери мыналардан ибарат болады. Көйлек, орамал, билезик, әребек, сырға, ат, түйе, сыйыр, қой, ешки т.б. [4.150]. Қыздың «жасаў»ына берилген саўғалар қыздың еншиси деп те аталады. Туўған-туўысқанларын аралап танысыў пайытында қыз туўысқанлары менен көрисип, жылайды. Мысалы:

Есиктиң алды соралар,  
Аяғыма оралар,  
Бизлерде кетип барамыз,  
Хош аман бол ағалар.

Ақ көйлегим белдемше,  
Ойнар едим өлгенше,  
Бизлерде кетип барамыз,  
Хош аман бол, жеңеше.

Қарағай шаптым жаңқалап,  
Сени өсирдим арқалап,  
Айнанайын баўырым,  
Изимнен баршы апалап [5.189].

Жеңгесин ертип ағайынлерин аралап, хошласып жүрген қыз, ағайын-туўысқанлары менен дийдарласып, оларға өзиниң бахытлы күнлерин айтып өксийди. Яғный, қосық пенен ата-анасының, ағайын-туўысқанларының жақсылығын айтып қосық пенен кеўил-күйин, ишки сезимлерин билдирип, сыңсыйды. Бул дәстүр бир тәрептен, ағайын, туўысқанлар арасындағы сыйласық, дослық, миймандослықты күшейтсе, екинши тәрептен, келешектеги туўысқаншылық қарым-қатнасықтың еле де даўам етиўин беккемлеўге тийкар жаратады.

Қыздың хошласыў пайтында айтатуғын қосығы ҳаққында әдебиятшы Н.Жапақов мынадай мағлыўматты келтиреди: «Қыз қара сөз бенен де, өз сөзин қосыққа айландырып та

хошласыўы мүмкин. Қарақалпақ халқында шайыр, терең ойшыл қызлардың болғанына гүман жоқ. Усындай қызлардың жүрегинен қан менен аралас шыққан «сыңсыў» қосықларының биринен мысал келтирейик:

Улжан апа дәртимди айтсам аҳ урып,
Дәртим зыят болса, жыламайын ба?
Ким қәўендер болар деймен телмирип,
Кетип баратырман, жыламайын ба?

Мереке мәжилисте болдым Арыўхан,
Атаның дәўиринде мен сүрдим дәўран,
Ҳәзир көрмегендей ҳәммеси ялған,
Кейин келиспесе, жыламайын ба?...

Қыз Улжан апасына ерксиз сүймеген адамына кетип баратырғанын, әкеси өлген соң ағайын-туўысқанына, ел журтының адамларына (басшыларына) «Қәўендер болар деп телмирип қараса да» ол үмитиниң ақланбағанын айтып налынады. Қыз тек өзиниң тәғдирине ғана емес, усындай теңсизликти көрип турып соған қарсы шықпаған, заманның әдалатсыз қәдесине көнген ағаларына да, елиниң басшы адамларына да өкпе-гийне, наразылық пенен қарайды. Солай етип, хошласыўдың кейининде:

Улжан апа, енди хош бол көргенше,
Өлген жақсы бүйтип хор боп жүргенше…

– деп теңсизликке, әдалатсызлыққа қатты қарсылық билдиреди [6.316-317]. Қосықта жәмийеттеги социаллық теңсизлик ашық айқын сүўретленеди. Оларда патриархаль-феодаллық дәўирдеги ҳаял-қызларға болған көзқарастың тарийхый көриниси айқын сәўлеленеди. Бәлким, сыңсыў қосықларының ертеде дөретилген классикалық үлгилери басқаша болған болыўы мүмкин. Себеби, әййемги дәўирлерге тийисли материаллар бизге шекем жетип келмеген. Сонлықтан, әййемги дәўирлердеги нусқаларында қыздың кеўил зары, ишки налышы, муңы, наразылық дәрти биз үйренип отырған материаллардың мазмуны дәрежесинде айтылмаған болыўы да керек, лекин, дәўирлер өтип жәмийеттиң раўажланыўы менен дин, шәрият нызамларының бурмаланыўы, елдеги басқарыўшылық дүзимдеги теңсизликтиң ақыбетинде қызларға исленген әдалатсызлық усындай мазмундағы сыңсыўлардың дөрелиўине алып келгенлиги анық. Усындай «ел аралап хошласыў пайтындағы жағдайлар қыздың үйинен атланар ўақтында айтатуғын «сыңсыў»ына негиз таярлайды», –деп жазады Б.Уахатов ҳәм қызлардың «өзи узатыларға дейин көрген сый-ҳүрмети, қәдир-қымбаты, сыйласық қарым-қатнасықлары, ҳәттеки, иренжиўлери де сыңсыўдың баслы мазмунын қурайды» [3.18], – дейди.

Дәстүр фольклорындағы сыңсыўды изертлеген илимпазлардың ҳәммеси де бурынғы патриархаль-феодаллық дәўирде ҳаял-қызлардың ҳуқықлары аяқ асты етилип, қызлардың көпшилиги күйеўге өз ерки, қәлеўи менен шықпағанлығын, сонлықтан, сыңсыў қосықларында қызлардың қайғысы, муңы, кеўил зары, өз қәлеўи болмаған турмысына наразылық дәрти сүўретленетуғынын жазады. Мысалы, профессор Қ.Айымбетов та «сыңсыў»ға былайынша анықлама берген еди: «Өткен дәўирдеги қарақалпақ қызларының теңсизлик өмирге, заманға наразы болып, қәлеген адамы менен кетпей, малға сатылып баратырғанда муң-шерин тарқатыў ушын сыңсып қосық айтқан» [1.20], – деп жазады. Профессор Қ.Мақсетов та сыңсыў қосығының айтылыў себебине былайынша түсиник береди: «Қәлеген қыз узатылып кетип баратырғанда қыйланып, сыңсып, жылап қосық айтыўы дәстүрге айланған. Ол ўақытлары қызлар өз сүйген жигитине, теңине узатылып баратырса да, жасы өтип кеткен ғарры адамға ериксиз узатылса да сыңсыў қосықларын айтқан. Бул бир тәрептен қызлардың әдеплилигин, нәзиклигин билдирсе, екиншиден, қыз ҳақыйқатында да ендиги келин болып баратуғын үйиниң жағдайын, тәртибин, ол үйдиң адамларының минез-қулқын билмегенликтен қыйланып сыңсыйды, жылайды» [7.95], – дейди. Ҳақыйқатында да, қыз өзге шаңараққа, өзге орталыққа кетип баратырғанлықтан, қосықта қыздың психологиялық кеширмеси, дебдиўи баянланатуғынлығы тәбийий. Тийкарынан, сыңсыў қосығы қызды той кийимлерин кийдирип, жасандырып (сәўкеле, өңир моншақ, билезик, сырға т.б.) үйден алып шығып, атландырыўға таяр ўақытта қыз тәрептен айтылады. Қыз сыңсып жылап, өз пикирин қосық пенен айтсын яки қара сөз бенен айтсын өксип жылаўы шәрт болған, болмаса айып, ерси саналған. Бунда қыз ел-журты, ағайын-туўысқанлары, қурбы-құрдаслары, туўылып өскен жери менен хошласып, сыңсыў қосығын айтқан. Сыңсыў қосығын кеўил-күйди билдиретуғын салт-дәстүр қосығының бир түри сыпатында да қарап, буған сыңсыў менен қоса, хошласыў, еситтириў (кеўил айтыў), жоқлаўды киргизиўге болар еди. Демек, хошласыў, яғный, сыңсыў қосығы туўған жер, ата-ана, туўсықанларына қыймаслық пенен билдирген кеўил сезимлери болса, ал ертеден киятырған еситтириў, бул ел басына түскен аўыр исти, қайғыны, қазаны, өлим хабарын қосық пенен жумбақлап, ишара менен дусмаллап жеткериў есапланады. Жоқлаў қосықлары жақын адам қаза болғанда оны қайғырып, азалап, жоқлап ҳаяллар тәрепинен айтылады. Демек, жоқарыда айтып өткенимиздей, ҳәрбир турмыс салт-жырларының өзиниң айтылыў орны ҳәм функциясы бар. Усы сыяқлы сыңсыў қосықлары да өзине тән атқарылыў өзгешелигине ийе.

Фольклортаныўшы илимпаз М.Низамат-

динов: «…сыңсыў қосығын барлық узатылатуғын қызлар айта бермеген. Сыңсыў қосығын тек ғана қосық шығарыўға уқыбы, шайыршылығы бар айырым қызлар ғана алдын -ала өзи таярап ядлап алып, кетеринде сыңсыў намасына салып жылап айтатуғын болған, Ал, енди шайыршылығы жоқ көпшилик қызлар қосықсыз-ақ аўызеки қара сөз бенен сыңсып жылаў арқалы өзлериниң ишки сезимлери менен ой-пикирлерин ашық айтып билдире алған» [4.145], – деп мағлыўмат береди. Демек, сыңсыўды белгили бир текстлери менен намаға салып, өзине тән ырғағы менен айтатуғын көркем сөзге қәбилетли қызлар да, яки қара сөз бенен ой-пикирин билдирип қоятуғын қызлар да болған. Илимпаз айтып өткениндей ҳәмме қызларда да шайырлық қәбилет болмаған. Н.Дәўқараев мынадай мағлыўматты береди: «Қызды күйеўине берип жибериў ушын әкесиниң үйинен шығарар да әдетте қыз сыңсып даўыс шығарады. Буны сыңсыў дейди. Қыз кетеринде сыңсымаса оны айып санайды. Қыз бир қатар сыңсығаннан кейин қызды әкетиўге келген жигитлер қыз отырған үзигин көтерип «жыламай-ақ қойсын, болар енди. Қәне алып шығың, шығара қойың» деп даўыслайды [2.149-150]. Қазақ илимпазы М.Ғабдуллин «Сыңсыў жуўмақланғаннан кейин, узатылып баратырған қызға ақыл-нәсият айтылған. Буны жубатыў деп атайды» [8.72], – деп жазады. Қарақалпақларда да усындай жубатыў қосығы айтылған. Жубатыў қосығының мазмунында қызға ақыл-кеңес берип, кеўилин алып, барған жеринде үлгили, әдепли болыўын ўәсият еткен. «Буннан кейин бурында сыңсып отырған қыз енди өзиниң басындағы ҳәдийселерди қосық пенен айта баслайды», – деп Н.Дәўқараев түсиник береди де «қыздың қасында отырған қыз, келиншеклер қосықтың қайырмасына хор менен қосылып, қыздың пикирин мақуллайды. Буныңдай қосықты қарақалпақ тилинде «ҳәўжар» дейди» [2.149-150], – деп сыңсыўдың айтылыўына анық түсиник берип өткен. Демек, сыңсыўдан соң, изинше ҳәўжар (яр-яр) айтыў басланып кетеди. Бүгинги күни узатылыў тойларында қыз тәрептен сыңсыў қосығы, хошласыў, жубатыў қосықлары айтылмағаны менен қызға ата-анасы, жеңгелери тәрепинен ақыл-нәсият айтыў, әдеплиликке, ийбелилиликке шақырыў бар.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ халық дәстүр қосықларының бири сыңсыўдың қыз узатылыў тойында айтылыўы, онда танысыў, хошласыў, жубатыў қосықлары менен тойда ҳәр қыйлы үрп-әдет дәстүрлердиң исләниўи, өткендеги халық турмысын, фольклорын үйрениўде әҳмийетли саналады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.
2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
3. Уахатов Б. Қазақтың халық өлеңдері. – Алматы: Ғылым, 1974.
4. Низаматдинов М. Сыңсыў // ӨзРИАҚб «Хабаршысы», 1992. №3.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт-жырлары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.
6. Наўрыз Жапақов. Еске түсириўлер. Илимий мийнетлер. – Нөкис: Билим, 1990.
7. Максетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис: Билим, 1996.
8. Ғабдуллин М. Қазақ халқының ауыз әдебиеті // Классикалық зерттеулер. Көп томлық. 24-том. – Алматы: Әдебиет әлемі, 2014.


**Қорақалпоқ халқ маросим қушиғи – «сыңсыў»**


**Палымбетов К.С.**

*Ўзбекистон Республикаси фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*



Мақолада қорақалпоқ халқининг қиз узатиш маросимида айтиладиган «сыңсыў» қўшиғи ҳақида фикр юритилади. «Сыңсыў» қўшиғи бўйича фикр билдирган олимлар: Н.Давкараев, Қ.Айымбетов, Б.Уахатов, Қ.Мақсетов, Н.Жапақов, М.Низаматдинов тадқиқотлари таҳлил қилиниб, қорақалпоқ «сыңсыў» қўшиғига хос хусусиятлар ўрганилади. Маросим бўйича узатилаётган қизнинг хайрлашув қўшиғини айтиши, унинг маъноси ва хусусияти таҳлил қилинади. «Сыңсыў» қўшиқлари ҳозирги пайтда айтилмаслиги, илгари вақтлари халқ орасидан йиғилган материалларда патриархал-феодаллик даврдаги хотин-қизларнинг ҳуқуқсизлиги, уларнинг изтироби, кўнгил дарди, ҳоҳиши бўлмаган турмушга норозилиги ифодаланганлиги далилланади.


**Плач - каракалпакская народная обрядовая песня**


**Палымбетов К.С.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В статье рассматривается плач как жанр устного народного творчества каракалпакского народа, который традиционно исполняется на свадьбе при выдаче девушки замуж. Проанализированы исследования таких учёных, как Н. Даукараев, К.Айымбетов, Б.Уахатов, К.Максетов, изучены особенности каракалпакского обрядового плача. Сделана попытка исследовать значение и особенности причитаний и вытья невесты, что по традициям исполняется при прощании перед бракосочетанием. Также приводятся доказательства того, как плач в настоящее время не исполняется на свадьбах, а в записанных ранее материалах находят свое отражение бесправие женщин в патриархально-феодальной эпохе, их переживания, грусть и исповедь в связи с недобровольным созданием семьи.


**Lament – A Karakalpak Folk Ritual Song**